



Pou Piblikasyon Imedya: 16/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLAYON KI KREYE FIDISI PREZÈVASYON  
LOJMAN PIBLIK VIL NEW YORK LA**

*Lejislasyon [S.9409-A/A.7805-D](#) a fòme kòporasyon benefis piblik pou ede finansse  
pwojè kapital nesèsè yo nan bilding apatman NYCHA yo*

*Lwa a pral amelyore apatman yo pandan l ap pwoteje dwa rezidan yo*

*Sinyati yon pwojè lwa apre anons Gouvènè Hochul sou Plan Lojman Istorik ki  
koute 25 milya dola nan Bidjè Ane Fiskal 2023*

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a nouvo lejislasyon [S.9409-A/ A.7805-D](#) ki etabli Fidisi Prezèvasyon Lojman Vil New York la epi ki trase wout pou reparasyon, reyabilitasyon ak modènizasyon 25,000 apatman ki anreta ki anba kontwòl Otorite Lojman Vil New York. Gouvènè Hochul te siyen pwojè lwa yo jodi a ansanm ak Majistra Vil New York Eric Adams, Manm Asanble Steven Cymbrowitz ak Senatè Julia Salazar.

"Jodi a se yon gwo viktwa pou Nouyòkè yo ki rele NYCHA lakay yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lejislasyon sa a pral debloke finansman federal adisyonèl ak mennen nan plizyè milya dola nan renovasyon — apre plizyè deseni dezinvestisman federal — epi pote amelyorasyon enpòtan pou 25,000 apatman nan devlopman NYCHA yo atravè vil la. Mwen remèsye Manm Asanble Cymbrowitz ak Senatè Salazar paske yo patwone pwojè lwa sa a epi felisite lidè NYCHA yo pou defans yo. Nan fè patenarya ansanm, nou te pran yon mezi enpòtan pou asire rezidan yo gen lojman bon kalite ki sekirite, vivab ak abòdab yo merite".

"Mwen aplodi etablisman Fidisi Prezèvasyon Lojman Piblik Vil New York la, ki pral mete disponib lojman kalite, abòdab nan yon moman kote plis fanmi gen difikilte pou jwenn aksè ak nesèsite debaz sa", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare.** "Nan modènize apatman ki egziste yo anba kontwòl Otorite Lojman Vil New York la ak bay reparasyon nesèsè yo, n ap siyale Nouyòkè ki gen difikilte lojman yo ke yo enpòtan epi nou p ap otorize yo viv nan kondisyon medyòk ankò".

**Manm Asanble Steven Cymbrowitz te deklare,** "Aprè plizyè dizèn ane finansman federal ki pa rive materyalize, twòp reparasyon ijan pa reyalize epi rezidan NYCHA yo oblije viv konsekans yo, Fidisi NYCHA a reprezante opòtinite lavi pou refè lojman piblik

yo. Konkretizasyon lejislasyon Fidisi a se te yon gwo efò ki te enplike travay anpil moun an kolaborasyon, tankou defansè lojman, NYCHA, ak gouvènman vil ak eta, kote yo pa te janm retire je yo sou objektif la oswa misyon pataje pou amelyore lavi rezidan NYCHA yo".

**Senatè Eta Julia Salazar te deklare,** "Rezidan de douzèn devlopman NYCHA nan distri Brooklyn nou an ak lojman piblik nan tout Vil New York te oblije rete tann plizyè dizèn ane pou lejislatè yo pran mezi serye sou reparasyon ijan ki nesese pou ansyen devlopman NYCHA yo. Lokatè yo pa te gen chwa anvan sa nan pwosesis sa. Nan kreye yon fidisi prezèvasyon lojman piblik, pwojè lwa sa a pral pèmèt NYCHA jwenn finansman federal ak finansman adisyonèl ki nesese pou amelyore kondisyon yo nan devlopman NYCHA yo san privatizasyon. Anplis de sa, sa make otonomi rezidan NYCHA yo pou yo pran desizyon ansanm konsènan devlopman respektif yo epi jere bilding yo. Lejislasyon an tou byen pwoteje tout dwa negosyasyon kolektif pou mendèv sendikalize NYCHA a epi li pral kreye lòt travay sendika ki bon kalite. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè lwa sa a jodi a kòm yon etap enpòtan nan yon angajman kontinyèl pou rezidan lojman piblik vil nou an".

**Majistra Vil New York la, Eric Adams, te deklare,** "Pandan twò lontan nou pa te ase envèsti nan NYCHA, kote nou te kite enfrastrikti ak sèvis piblik ki ansyen yo san reparasyon, men, avèk lwa sa a, n ap asire rezidan NYCHA yo pral kounye a gen aksè nan kay ki an sekirite, bon jan kalite ak abòdab ke yo merite. Pandan twò lontan pwomès yo te fèt men yo pa te kenbe - jodi a n ap respekte pwomès sa yo. Mwen vle remèsye rezidan NYCHA yo, Gouvènè Hochul, patnè nou yo nan travay ak defans, ak tout patnè nou yo nan Albany paske yo te batay pou 'Reyalize Bagay yo' pou Nouyòkè yo."

Nouvo lwa a pral debloke kapasite otorite yo pou envesti plizyè milya dola nan kapital pou estabilize bilding li yo lè li etabli Fidisi a kòm yon kòporasyon benefis piblik ki kapab emèt obligasyon ak rasanble kapital pou renovasyon ak amelyorasyon konplè bilding yo.

Kòm rezilta, pwoblèm debaz sante ak sekirite anviwònmantral yo, tankou plon, mwazi, chofaj, asansè, ensèk nuizib, ansanm ak lòt sistèm travay, reyabilitasyon apatman, ak amelyorasyon teren yo, pral pi byen finanse epi fèt pi vit.

Nan kad plan an, NYCHA - ki sipèvize pi gwo sistèm lojman piblik nan peyi a - pral kounye a jwenn plizyè santèn milyon dola federal nan nouvo sipò chak ane lè li sèvi avèk Koupon Pwoteksyon Lokatè federal ki resevwa yon sibvansyon pi wo pou chak inite pase lojman piblik tradisyonèl Seksyon 9 la. Sibvansyon adisyonèl sa a pral pèmèt NYCHA ogmante dèt ogmantasyon an pou amelyorasyon enpòtan kapital yo.

Sa ki enpòtan, Fidisi a pral garanti kay yo rete abòdab pou toutan pandan y ap prezève tout dwa ak pwoteksyon aktyèl pou rezidan yo, sa gen ladan:

- Rezidan yo pral peye sèlman 30 pousan revni pou lwaye;
- Rezidan yo pral kenbe tout dwa siksesyon aktyèl yo;

- Apatman yo pral kontinye limite pou rezidan ki gen revni ba yo; epi
- Apatman ki vid yo pral kontinye okipe apati lis datant NYCHA yo.

Anplis de sa, rezidan yo pral gen dwa vote epi deside si y ap patisipe nan Fidisi a. Rezidan yo pral jwe yon wòl aktif tou nan detèmine ki vandè yo chwazi pou fini travay renovasyon nan devlopman yo.

Pwojè lwa jodi a se yon pati enpòtan nan gwo plan Gouvènè Hochul pou rann lojman pi abòdab, ekita ak estab. Nan Diskou sou Sitiyasyon Eta li a, Gouvènè Hochul [te anonse yon Plan Lojman ki koute 25 milya dola sou senk ane](#) ki te adopte nan pita nan Bidjè Adopte Ane Fiskal 2023 a - ki pral kreye ak prezève 100,000 kay abòdab nan zòn iben ak riral yo toupatou nan New York ki gen ladan 10,000 kay ak sèvis sipò. Gouvènè a tou dènyèman te siyen kòm lwa règleman ki pi fleksib pou transfòme [espas otèl ki pa ase itilize pou tounen lojman pèmanan](#).

**Komisè Renovèlman Kay ak Kominote yo, RuthAnne Visnauskas, te deklare,** "Pandan plizyè ane, rezidan pwopriyete NYCHA yo te mande dezespereman pou gen yon apatman ki pi an sekirite, ki pi sen epi ki pi modèn. Gras a lidèchip ak vizyon Gouvènè Hochul, Lejislati a, ak responsab vil yo, Fidisi Prezèvasyon Lojman an pral trase wout pou NYCHA investi resous ki nesesè pou transfòme bilding li yo epi bay Nouyòkè yo bon jan kalite lojman abòdab."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Lojman Vil New York la, Greg Russ, te deklare,** "Sa a se yon jou enpòtan nan istwa lojman piblik nan Vil New York ak atravè nasyon an. Mèsi Gouvènè Kathy Hochul paske ou te siyen lwa Fidisi Prezèvasyon Lojman Piblik la. Fidisi a bay NYCHA kapasite pou kolekte plizyè milya dola nan fon kapital pou investi nan pwopriyete li yo, epi bay rezidan yo yon vwa ki reyèl nan lavni lakay yo. Gouvènè Hochul — ansanm ak rezidan NYCHA yo, esponsò pwojè lwa, Manm Asanble Steven Cymbrowitz ak Senatè Eta Julia Salazar, Lejislati Eta New York la, Majistra Eric Adams, lidè kominotè yo ak patnè defansè yo — te gide wout la avèk vizyon ak kouraj ki nesesè pou deranje sitiyasyon an, fini plizyè deseni dezinvestisman epi pou premye fwa, pote solisyon reyèl ak dirab ki pral transfòme kalite lavi rezidan lojman piblik yo nan Vil New York".

**Direktè Lojman Vil New York la, Jessica Katz, te deklare,** "Sa a se yon moman enkwayab pou rezidan NYCHA yo ak Vil New York an jeneral. Atravè Fidisi a, rezidan NYCHA yo se sèl moun ki pral deside avni kay yo — yo finalman gen chwa ak pouvwa pou mennen konvèsasyon an sou fason yo prezève kay yo", Direktè Lojman Vil New York la, Jessica Katz, te deklare. "Fidisi Prezèvasyon NYCHA a pral pèmèt nou asire kay sa yo egziste pou yon bon tan alavni pandan y ap rete abòdab yon fason pèmanan pou plizyè milye Nouyòkè. Mèsi Gouvènè Hochul, Majistra Adams, Senatè Salazar, Manm Asanble Cymbrowitz ak, sa ki pi enpòtan, rezidan NYCHA yo ki te defann tèt yo, fanmi yo ak kominote yo pou prezève lojman piblik nan Vil New York".

**Building and Construction Trades Council of Greater New York President Gary LaBarbera said,** "Fidisi Prezèvasyon Lojman Piblik NYCHA a pral pote investisman

enpòtan ak ki anreta nan rezidans NYCHA yo, amelyore kalite lavi pou yon bann Nouyòkè ki travay di atravè kondisyon lojman amelyore ki nesèsè anpil ak kreyasyon plizyè milye nouvo karyè klas mwayèn avèk benefis. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Majistra Adams pou sipò yo nan inisyativ enpòtan sa a ki pral ogmante klas mwayèn vil nou an epi ede asire tout rezidan NYCHA yo ka viv nan diyite, sekirite ak konfò."

**Avoka an Chèf Pratik Sivil pou Legal Aid Society, Adriene Holder, te deklare,**

"Avèk yon kout plim, Gouvènè Hochul te bay kliyan nou yo ak rezidan lojman piblik yo pouvwa nan ba yo fòs pou yo deside avni yo nan kad Fidisi Prezèvasyon Lojman Istorik Vil New York la. Nan yon moman kritik, avèk gwo bezwen kapital yo ki pa satisfè nan lojman piblik NYCHA epi pa gen okenn pèspektiv aktyèl pou plis finansman Federal, lwa sa a pral bay NYCHA yon opòtinite pou jwenn aksè nan fon pou fè reparasyon epi pou rezidan yo aktivman chwazi si Fidisi a se mwayen ke lojman yo ap prezève atravè li. Nou felisite Gouvènè Hochul paske li te siyen pwojè lwa sa a, epi remèsye esponsò pwojè lwa a senatè Julia Salazar ak Manm Asanble Steven Cymbrowitz pou lidèchip ak defans yo".

**Baaba Halm, Vis Prezidan ak Lidè Mache New York la nan Enterprise Community Partners, te deklare,**

"Nou mete ansanm ak NYCHA, Vil la, ak Eta a pou selebre kreyasyon Fidisi Prezèvasyon Lojman Piblik Vil New York la. Moun ki abite NYCHA yo merite pou yo gen yon lojman ki an sekirite, ki sen ak bon jan kalite ak yon wòl fondamantal nan detèmine kisa sa vle di an reyalyte. Nouvo finansman Fidisi a rann posib vle di ke NYCHA ka trete aryere reparasyon kapital li yo epi pote amelyorasyon ki nesèsè pou rezidan li yo. Nou remèsye Lejislati Eta a ak Gouvènè Hochul paske yo te adopte lwa enpòtan sa a, epi nou pa ka tann pou n kontinye patenarya nou avèk NYCHA ak rezidan li yo pou ankouraje kominote lojman piblik ki dinamik nan Vil New York."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Sosyete Sèvis Kominotè a, David R. Jones,**

**te deklare,** "Fidisi Prezèvasyon an se yon avantaj pou NYCHA ak pou rezidan li yo. Se yon estrateji prezèvasyon ki pral kenbe lojman piblik nou an piblik, avè finansman federal ki pi rich ki kapab potansyèlman rive nan tout devlopman yo epi trete totalman aryere kapital 40 milya dola NYCHA a san lejislasyon federal espesyal. Sa ki pi enpòtan, pou premye fwa li pèmèt rezidan NYCHA yo deside si ak kijan yo vle kominote yo retabli nan kondisyon desan".

**Vis Prezidan Jeneral Teamsters Local 237 ak Konsèy Egzekitif Jeneral International Brotherhood of Teamsters la, Greg Floy, te deklare,**

"Lojman piblik Vil New York la te yon fwa konsidere kòm yon ekspozisyon nasyonal responsablite sivik ki te bay estabilite ak diyite pou yon bann fanmi. Men, se gen prèske 80 ane de sa, epi pandan tout ane sa yo, san finansman ak lòt resous adekwa, menm bilding sa yo te vin senbolize dekonpozisyon iben ak dezespwa pou lòt jenerasyon Nouyòkè yo. Jodi a, avèk kreyasyon Fidisi a ak plan inik ki ankou yo pou rezoud pwoblèm lojman piblik yo, NYCHA sou wout pou li retounen nan yon plas fyète pou moun k ap viv ak travay la. Mwen vle ekspri remèsiman nou bay Gouvènè Hochul,

Majistra Adams, lejislatè eta yo, ak Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYCHA, Greg Russ, pou travay di yo ak detèminasyon yo pou ede asire ke lojman piblik nan Vil New York pa konsidere kòm yon bagay ki vye, ak yon relik tan pase, men ki rezistan ak revitalize, bati pou dire pou jenerasyon k ap vini yo."

**Direktè Komèsyal Mason Tenders District Council of Greater New York, Michael Hellstrom, te deklare,** "Nan non 17,000 manm konsèy Distri Mason Tenders ki travay di yo, mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li te siyen pwojè lwa Fidisi Prezèvasyon NYCHA a jodi a. Lejislasyon sa a istorik paske li non sèlman abòde reparasyon ki anreta pou rezidan lojman piblik yo, li asire ke se travayè konstriksyon sendika yo ki pral fè reparasyon sa yo. Mete yon akò travay pwojè ak egzijans salè ki anvigè nan pwojè lwa a fè li gen plis enpak toujou pou lokatè yo paske li asire yo pral resevwa pi bon kalite reparasyon nan men yon mendèv ki kalifye epi ki antrene. Mèsi, Manm Asanble Steven Cymbrowitz, Senatè Julia Salazar, NYCHA, ak Gouvènè Kathy Hochul, pou lidèchip nou sou règleman pou lojman ak travay ki enpòtan sa a."

**Direktè Komèsyal Laborers Local 79, Michael Prohaska, te deklare,** "Local 79 fyè pou li rejwenn Gouvènè Hochul pou siyati pwojè lwa istorik sou fidisi prezèvasyon NYCHA a. Non sèlman lejislasyon sa a pral enjekte plizyè milya dola nan lojman piblik pou reparasyon yo t ap tann depi lontan, li pral kreye tou plizyè milye travay sendikalize ak selon salè ki anvigè pou rezidan Vil New York yo nan pwosesis la. Mèsi, Manm Asanble Steven Cymbrowitz, Senatè Julia Salazar, NYCHA, ak Gouvènè Kathy Hochul, pou lidèchip yo sou pwoblèm enpòtan sa a ak rekonèt enpòtans pou ajoute estanda travay yo nan règleman an".

**Direktè Egzekitif Konferans Lojman New York la, Rachel Fee, te deklare,** "Pwomilgasyon Fidisi Prezèvasyon Lojman Piblik la mete NYCHA sou yon chemen pou revitalizasyon konplè, avèk kapasite pou kounye a abòde pwoblèm reparasyon rezidan yo ki te anreta yo. Fidisi a pral pote solisyon finansman konplè ki, alontèm, pral benefisye rezidan yo atravè senk minisipalite yo epi transfòme lavi yo pou pi bon. Nouvo plan pou priz desizyon rezidan yo ak apwòch kolaborasyon vil la ak eta a adopte ankouraje nou adopte pwojè lwa enpòtan sa a. Nou rekonèt ke li pral pran tan ak travay di pou mete ann aplikasyon nouvo modèl sa a e nou pa ka tann pou nou travay ak vil la, defansè yo, ak pati konsène yo pou asire fidisi a se yon siksè".

**Prezidan Adjwen Lokatè Polo Grounds, Serena Chandler, te deklare,** "Mwen te viv nan Polo Grounds pandan 25 ane. Gen kèk ki te isit la depi nan premye jou a, sa yo se pa sèlman apatman ki lwe, se kay pou toutan nou. Pandan ke bagay yo te vin trè pa bon pou yon tan, tan yo sou wout chanje. Nan kad fidisi prezèvasyon lojman piblik la, nou pral finalman wè amelyorasyon ki nesèsè yo, ak reparasyon andedan kay nou yo, epi avèk pwoteksyon yo anplas nou pa ka tann pou nou wè yon eritaj lojman piblik ki pral pote yon lòt fwa ankò fyète, ak reverans nan kanpis nou yo atravè NYCHA pou jenerasyon k ap vini yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)